Yàlla dafa bind yu rafet yi ak yu ñaaw yi, daal di leeral ko, képp ku yéene jëf i yiw, te defu ko, Yàlla dana ka ko bindal wenn yiw wu mat sëkk, waaye bu ko yéenee ba noppi def ko, mu bindal ko fukki yiw, mannakoo Ful bamu yégg juróom-ñaari téeméeri, ba ci ay full yu bari, waaye képp ku Yéenee jëf lu ñaaw te defu ko Yàlla di na ko bindal wenn yiw wu mat sëkk, bu ko Yéenee nag daldi koy def mu bindal ko wenn ñaawteef

Jële nañu ci Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- Jele nañu ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci li mu soloo ci Boroomam mu màgg mi mu wax ne: «Yàlla dafa bind yu rafet yi ak yu ñaaw yi, daal di leeral ko, képp ku yéene jëf i yiw, te defu ko, Yàlla dana ka ko bindal wenn yiw wu mat sëkk, waaye bu ko yéenee ba noppi def ko, mu bindal ko fukki yiw, mannakoo Ful bamu yégg juróom-ñaari téeméeri, ba ci ay full yu bari, waaye képp ku Yéenee jëf lu ñaaw te defu ko Yàlla di na ko bindal wenn yiw wu mat sëkk, bu ko Yéenee nag daldi koy def mu bindal ko wenn ñaawteef».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne Yàlla dogal na yiw yi ak ñaawtéef yi daal di leeralal ñaari Malaaka yi naka lañu koy bindee: Képp ku namm a def lu rafet te dogu ci def ko dees na ko bindal wenn yiw doonte defu ko, bu ko defee nag ñu fulal ka ko fukk yu mel ni moom ba ci juróom-ñaari téeméeri yoon, ba ci ay yoon yu bari, ci kem la nek ca xol ba cig sellal ak jariñ ñeneen mbaa lu ni mel. Waaye képp ku nàmm a def ñaawtéef te dogu ci def ko, far bàyyi ko ngir Yàlla dees na ka ko bindal aw yiw, bu ko bàyyee ngir yittewootu ko te deful ay sababam deesu ko bindal dara, waaye su ko bàyyee ngir ak lott dees na ko bindal yéeneem, su ko defee nag ñu bindal ko benn ñaawtéef.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4322